



Pou Piblikasyon Imedya: 30/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN MITAN PANDEMI COVID-19 K'AP KONTINYE A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE
PLAN LOPITAL PIBLIK-PRIVE TOUPATOU NAN ETA A POU KONBAT COVID-19
LA**

*Depatman Sante Eta pral travay avèk sistèm swen sante nan tout eta a pou kreye
yon Sant Kòmand pou pataje enfòmasyon sou founiti ant lopital yo*

*Li anonse premye lopital tanporè 1,000 kabann nan Sant Konvansyon Jacob K.
Javits la ouvri epi l'ap akeyi premye pasyan yo*

*Konfime 6,984 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout
Eta a nan 66,497; nouvo ka nan 43 Konte*

Nan mitan pandemi COVID-19 k'ap kontinye a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon plan lopital piblik-prive toupatou nan eta a pou konbat COVID-19 la. Kòm yon pati nan plan an, lopital piblik ak prive yo ki nan tout eta a dakò aplike yon nouvo apwòch balanse pou konbat viris la, kote lopital ki kòmanse rive oswa depase kapasite yo ka transfere pasyan nan lòt lopital ki pa ranpli ak pasyan menm jan ak yo.

Sistèm lopital yo atravè eta a dakò tou pou pataje founiti, anplwaye ak lòt resous jan sa nesèsè. Depatman Sante (Department of Health) Eta a pral travay avèk sistèm swen sante nan tout eta a pou kreye yon sant kòmand pou pataje enfòmasyon ant lopital yo sou founiti chak lopital genyen nan stòk yo ak founiti chak lopital ap kòmande. Sistèm envantè santral sa a pral ede asire ke acha ak distribisyon pwovizyon yo fèt yon fasyon estratejik ak efikasite.

Gouvènè a te anonse tou premye lopital tanporè 1,000 kabann nan Sant Konvansyon Jacob K. Javits (Jacob K. Javits Convention Center) la ouvri epi akeyi pasyan yo jodi a. Yo te konstwi sit lopital tanporè a nan yon semèn.

"Kòm chif yo kontinye ap ogmante, sitiyaasyon an ap vin doulourezman klè ke se nan sistèm swen sante nou an nou ka batay anfas viris sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou bezwen plis pwofesyonèl swen sante, nou bezwen plis founiti, nou bezwen plis kapasite e nou bezwen li kounye a. Tout peyi a ap eseye pou ratrape yo de viris sa a depi premye jou a, men nan New York nou t'ap eseye planifye davans ak pran devan pwoblèm nan. Nou ap kontinye estoke founiti nan kad preparasyon pou somè koub la, epi nou te rive jwenn yon akò avèk sistèm swen sante a nan tout eta a pou kowòdone ak travay ansanm kòm yon sèl antite pou balanse chaj pasyan yo ak pataje anplwaye ak resous yo."

Finalman, Gouvènè a te konfime 6,984 ka nouvo kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 66,497 ka konfime nan Eta New York. Nan total 66,497 moun tè s yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	217	12
Allegany	7	1
Broome	35	6
Cattaraugus	6	2
Cayuga	3	1
Chautauqua	5	0
Chemung	15	0
Chenango	17	2
Clinton	17	4
Columbia	26	3
Cortland	8	2
Delaware	11	3
Dutchess	392	72
Erie	376	18
Essex	4	0
Franklin	6	0
Fulton	1	0
Genesee	9	0
Greene	10	3
Hamilton	2	0
Herkimer	12	2
Jefferson	11	4
Lewis	2	0
Livingston	12	2
Madison	34	10
Monroe	242	23
Montgomery	6	0
Nassau	7,344	899
Niagara	41	3
NYC	37,453	3,685
Oneida	34	8
Onondaga	180	28
Ontario	20	2
Orange	1,435	188

Orleans	4	1
Oswego	14	6
Otsego	17	7
Putnam	167	23
Rensselaer	40	1
Rockland	2,511	302
Saratoga	105	3
Schenectady	80	4
Schoharie	6	1
Schuyler	2	1
St. Lawrence	13	1
Steuben	19	2
Suffolk	5,791	768
Sullivan	101	13
Tioga	4	0
Tompkins	66	14
Ulster	190	44
Warren	18	0
Washington	7	0
Wayne	15	3
Westchester	9,326	807
Wyoming	8	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)